

Pwogrè batay kont vyolans sou fanm an Ayiti

Tankou nan tout peyi sou latè, kesyon vyolans lan se yon gwo pwoblèm nan peyi Dayiti. Depi lontan, òganizasyon fanm, òganizasyon dwa moun ak lòt òganizasyon sosyete sivil la ap goumen pou konbat sitiyasyon sa a.

Se travay Konsèstasyon Nasyonal pou konbat vyolans sou fanm la ki pèmèt tout bagay sa yo fèt. Konsèstasyon a reyini Ministè Kondisyon Fanm, Ministè Sante ak Lajistis, òganizasyon fanm, òganizasyon ki okipe dwa moun ak ajans entènasyonal yo. Tout moun sa yo deside chita ansanm pou yo travay ansanm pou konbat vyolans sou fanm. Men ki rezilta travay yo :

- *Prepare yon Plan Nasyonal pou goumen kont vyolans epi remèt li bay gouvènman an*
- *Komanse aplike plan sa a nan Nòdès, Nò, ak Sidès*
- *Fè fòmasyon pou doktè, enfimyè, la polis, jij ak avoka*
- *Fè kanpay sansibilizasyon sou kesyon vyolans kont fanm epi sou kisa sitwayen yo ka fè pou kaba ak pwoblèm sa a*

- Òganizasyon fanm yo vin pi janm. Pou fè presyon pou leta vote epi aplike lwa ki pwoteje fanm epi pou bay fòmasyon ak sèvis.

- Leta pran yon dekrè ki deklare kadejak kòm krim kont dwa moun epi ki ogmante pinisyon pou krim sa a.

- Ministè la Jistis fè konnen tout doktè ki an règ avèk leta gen dwa bay viktim vyolans yo yon sètifika medikal.

- Ministè Sante Piblik deklare sètifika sa a gratis nan tout sant sante ak nan tout lopital leta.

Ki sa pou ou fè nan yon ka vyolans sou fanm?

Si se ou ki viktim

Pwoteje tèt ou ak pitit ou. Si ou santi w an danje, rele lapolis oubyen kite kay pou mete w an sekirite.

FÒK OU PALE

Ou pa dwe wont. Pa mete kò w apa, pa rete poukont ou. Chèche sipò nan men yon zanmi, nan men yon moun nan fanmi w, nan yon oganizasyon fanm oswa nan men yon moun ou gen konfyans.

AL WÈ YON DOKTÈ TOUSWIT - ANVAN 3 JOU (72 ÈD TAN)

Yon kadejak ka lakòz yon gwosès oubyen yon enfeksyon moun atrap nan fè seks.

Doktè kapab preskri w medikaman pou ou pa ansent, pou ou pa atrap maladi. Men fòk ou ale anvan 3 jou pou remèd sa yo mache.

Pa bliye mande yon sètifika medikal. L'ap itil ou anpil si ou deside al lajistis.

Tout doktè ki an règ avèk Sante Piblik gen dwa bay yon sètifika. Nan sant sante ak lopital leta, sètifika sa a gratis.

LALWA POU OU

Pran kontak ak otorite la jistis : lapolis, jijdepè...

Chèche jwenn yon òganizasyon fanm oubyen òganizasyon ki okipe afè dwa moun, moun sa yo konnen ki jan pou yo ede w prepare dosye legal ou.

Si ou konn yon moun ki viktim

Fè moun nan konnen ou la pou li e ou pare pou ede li. Aprann koute, pa poze li twòp kesyon.

Pa konprann se manti lap ba ou, sa pran anpil kouraj pou yon viktim pale ak lòt moun.

Pa fè'l repwòch, pa joure li, pèsonn pa mande pou yo fè kadejak sou li.

Ankouraje moun lan pou li chèche sipò nan men moun ki konn sa pou fè nan yon ka kadejak epi ki ka ede li jwenn swen doktè, ak sipò lapolis ak lajistis.

Fonds de développement des Nations Unies pour la Femme



Fanm ayisyen, *nou gen dwa* pou nou viv *san vyolans*

“ Zak vyolans kont fanm se abi grav kont dwa moun. Vyolans kont fanm se youn nan vyolasyon dwa moun ki pi lèd.

Li fèt nan tout peyi, li frape tout sosyete, li pa konnen ni pòv ni rich.

Toutotan li ekziste nou pa kapab pale de egalite, de devlopman, de lapè. ”

Kofi Annan

Ansyen Sekretè Jeneral Nasyon Zini

'A World Free of Violence Against Women',
United Nations

Videoconference Inter-Agence, 8 Mars 1999

Photos:
© MINUSTAH/Sophia Paris/Marco Dornino
© GUIDES PANORAMA/Jean Cyril Pressoir

guidespanorama@gmail.com



“Dwa fanm se dwa moun”

Pawòl sa yo fè tout moun konnen, lè fanm yo ap revandike pou egalite, pwoteksyon ak respè, se dwa mwatye popilasyon kap viv sou la tè yap defann.

Yo montre a klè kouman relasyon ant fi ak gason nan yon sosyete makonnen ak kesyon pase dwa moun anba pye.

Ki sa vyolans sou fanm lan ye?

Vyolans sou fanm se tout zak maspinay ki fèt sou fanm poutèt li se fanm. Se yon zouti pou kenbe fanm yo anba pye. Li fè fanm nan soufri nan kò li, oswa nan lespri li, tankou : kadejak, tizonnay, kraze zo, kou, kalòt, jouman, fòse fanm nan fè yon bagay li pa vle fè, eksetera... (Nasyon Zini)

Ou pa dwe tolere vyolans nan men pyès moun ! Moun ki fè zak vyolans lan se kapab:

- Yon moun ou pa konnen,
- Mari w,
- Papa pitit ou,
- Mennaj ou,
- Yon moun nan fanmi w,
- Fiyanse w,
- Zanmi w,
- Vwazinay ou,
- Pitit ou,
- Patron w...

Denonse moun ki fè vyolans sou ou !

Si ou pè denonse li, chèche sipò nan men fanmi w, nan lapolis, oswa nan yon òganizasyon fanm.



Nasyonzini, ak peyi ki fè pati Nasyonzini pwoteje fanm kont vyolans

Deklarasyon Nasyon Zini pou konbat vyolans sou fanm

Deklarasyon sa a fè konnen vyolans kont fanm se mak fabrik yon sosyete ki bay gason pouvwa sou fanm. Deklarasyon an fè konnen tout gouvènman gen pou obligasyon mete kanpe pwogram ki pou tabli relasyon ant fanm ak gason san fòs kote.

Konvansyon Belem do Para

Se yon konvansyon peyi ki nan amerik la siyen. Se sèl konvansyon entènasyonal ki la espesyalman pou goumen kont vyolans sou fanm. Li di ki jan pou anpeche mòd vyolans sa a fèt, ki kalite pinisyon pou bay moun ki fè l, ki jan pou kaba ak li nèt.

Li ekzije leta pou li manyen koze vyolans kont fanm nan rasin li. Nan sans sa a leta kapab mete pwogram edikasyon pou derasinen vye lide sou relasyon fanm ak gason nan yon sosyete; leta dwe devlope tout kalite sèvis pou soulaje fanm ki viktim vyolans.



Konvansyon pou kaba ak tout kalite diskriminasyon kont fanm (CEDAW) ak pwoblèm vyolans lan

CEDAW kenbe gouvènman yo responsab pou yo pwoteje fanm epi pou yo ba yo bon jan sèvis

Dapre Konvansyon an, si jij ak avoka gen prejije kont fanm lè yap plede yon kòz, fòk gouvènman an jwenn yon jan pou sa anpeche sa.

Dapre Konvansyon an toujou, si fanm yo gen difikilte pou yo ale nan tribinal, sitou fanm pòv, fanm nan zòn riral, fòk gouvènman yo jwenn avoka gratis pou yo, ba yo yon èd ekonomik, pèmèt yo chanje kay si yo bezwenn sekirite, fasilite yo jwenn fòmasyon profesyonèl ki pou ba yo endepandans ekonomik.

Si ou viktim vyolans, men kèk nimewo ou ka rele:

- **Ministè Kondisyon fanm ak dwa fanm** 224-9152 • 224-7574
- **Kay Fanm** 245-5174
- **SOFA** 245-5697

